



Pou Piblikasyon Imedya: 17/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AP DIRIJE KOWALISYON BIPATIT GOUVÈNÈ YO POU  
KANPE AN SOLIDARITE AK PÈP IZRAYÈL LA**

***Gouvènè Hochul konvoke lidè 17 Eta pou yo kondane kategorikman atak laterè  
 Hamas yo epi ofri sipò pou pèp Izrayèl la***

***Gouvènè yo pral kontinye travay ak Depatman Deta a pou asire retou san danje  
 Ameriken yo***

***Lèt la vini pandan Gouvènè Hochul ap planifye pou l vwayaje ale Izrayèl semèn sa  
 a pou rankontre ak lidè diplomatik ak kominote ki te devaste akòz atak terib  
 Hamas yo***

***Nou kapab wè lèt la [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te dirije yon kowalisyon bipatit ki gen 17 gouvènè pou kanpe an solidarite ak pèp Izrayèl la, li te pibliye yon [lèt kolektif](#) bay lidè federal yo pou ekprime gwo sipò anvè pèp Izrayèl la ak kondanasyon atak teworis Hamas yo. Gouvènè yo te reyafime angajman yo tou pou travay avèk Depatman Deta (Department of State, DOS) Ameriken an pou asire Ameriken yo retounen san danje.

"Lyen ki genyen ant Etazini ak Izrayèl la pa kase - kounye a ak pou toutan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke Gouvènè pi gwo popilasyon jwif andeyò Izrayèl, mwen rekonèt nou gen yon responsablite inik ak solanèl pou sipòte pèp Izrayèl la pandan moman kritik sa a. Mwen fyè pou m kanpe ak Gouvènè parèy mwen yo pou montre sipò nou anvè Izrayèl, epi mwen rekonesan anvè kòlèg mwen yo pou lidèchip moral odasye yo".

Lèt bipatit Gouvènè Hochul la se dènye etap li te pran pou montre solidarite ak pèp Izrayèl la apre atak laterè Hamas yo. Anplis de sa, Gouvènè a [planifye pou l vwayaje](#) ale Izrayèl semèn sa a pou rankontre lidè diplomatik yo ak kominote yo ki te devaste akòz atak terib Hamas yo.

Gouvènè Hochul te dirije repons New York pou kriz an Izrayèl la, [nan ofri](#) sipò bay Prezidan Izrayèl la, Isaac Herzog, epi [nan rankontre](#) ak Anbasadè ONU Izrayèl la, Gilad Erdan. Li te patisipe nan plizyè veye ak rasanbleman pou sipòte Eta Izrayèl, depi

[Albany](#) rive nan [Vil New York](#). Gouvènè a te [limen](#) tou moniman istorik yo an ble ak blan, koulè drapo Izrayèl la, [te leve](#) drapo Izrayèl la anlè rezidans Gouvènè a nan Albany, epi [te mande](#) pou drapo sou bilding yo nan Eta a flote a demi ma an komemorasyon viktim atak laterè Hamas yo.

Tout tèks lèt la anba a:

*Chè Prezidan Asanble McHenry, Lidè Schumer, Lidè Jeffries, ak Lidè McConnell:*

*Antanke Gouvènè ki reprezante plis pase 144,000,000 Ameriken, nou kanpe ak pèp Izrayèl la epi nou kondane kategorikman zak lagè ak laterè Hamas te komèt samdi 7 oktòb 2023, ki te deja touye plizyè santèn moun inosan nan Izrayèl. Nan jou ki vin apre premye atak sa yo, nou te mete tèt ansanm avèk manm nan kominote nou yo pou nou lamante ak priye, epi nou te ka obsève nou menm gwo pwa emosyonèl mal terib sa a te lakòz anpil moun. Nou konnen tou ke gen plizyè Ameriken yo te deja konfime ki mouri kòm konsekans vyolans sa a, epi nou konnen nimewo sa a gen anpil chans pou ogmante nan jou k ap vini yo.*

*Nou kanpe ini nan sipò nou anvè pèp Izrayèl la nan efò li yo pou asire retou san danje otaj yo ak asire sekirite kontinyèl pèp li a. Nou felisite Prezidan Biden pou repons rapid li nan bay pèp Izrayèl la plis asistans militè, ak manm Kongrè tou de pati yo pou deklarasyon sipò fèm yo anvè Izrayèl. Nou mande èd Etazini imedyà ak kontinyèl bay pèp Izrayèl la nan semèn ak mwa k ap vini yo. Nou ankouraje tou Sena a pou l konfime rapidman nominasyon yo nan wòl diplomatik kle yo nan rejyon an, ki gen ladan wòl anbasadè nan peyi Izrayèl, Ejipt, Liban, Omàn, ak Kowet epitou pou l avanse ak konsiderasyon tout nominasyon ak pwomosyon militè ki annatant pou asire lidè ki gen plis eksperyans nou yo ap okipe travay ki pi enpòtan pou defans nasyonal nou an.*

*Nou chak te pran aksyon nan eta respektif nou yo pou ogmante sekirite nan kominote jwif yo ak nan tanp adorasyon jwif yo. Etandone enkyetid sa yo, ak ogmantasyon antisemitis atravè peyi a, Kongrè a ta dwe asire finansman pou eta ak gouvènman lokal yo pou sipòte aktivite ak pwogram pou asire resous pou pwoteje tanp adorasyon yo ak gwoup ki afilye a relijyon yo disponib pou konbat antisemitis lakay yo. N ap kontinye travay ak lapolis federal, eta ak lokal pou kontwòle menas nasyonal potansyèl yo epi bay lidè kominote yo sipò jan sa nesèsè.*

*Nou pare pou nou bay pèp Izrayèl la sipò adisyonèl epi pou nou travay avèk Depatman Deta Etazini pou asire retou san danje Ameriken ki an Izrayèl yo. Priyè nou yo rete avèk moun ki disparèt yo, pwòch yo, pèp Izrayèl la, ak kominote jwif la atravè mond lan.*

*Kòdyalman,*

*Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York*

*Gouvènè Gavin Newsom, Eta California*

*Gouvènè Jared Polis, Eta Colorado*  
*Gouvènè Ned Lamont, Eta Connecticut*  
*Gouvènè John Carney, Eta Delaware*  
*Gouvènè JB Pritzker, Eta Illinois*  
*Gouvènè Laura Kelly, Eta Kansas*  
*Gouvènè Wes Moore, Eta Maryland*  
*Gouvènè Maura Healey, Eta Massachusetts*  
*Gouvènè Tim Walz, Eta Minnesota*  
*Gouvènè Phil Murphy, Eta New Jersey*  
*Gouvènè Michelle Lujan Grisham, Eta New Mexico*  
*Gouvènè Roy Cooper, Eta North Carolina*  
*Gouvènè Josh Shapiro, Eta Pennsylvania*  
*Gouvènè Dan McKee, Eta Rhode Island*  
*Gouvènè Spencer Cox, Eta Utah*  
*Gouvènè Phil Scott, Eta Vermont*

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418